



Pou Piblikasyon Imedya: 21/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AMELYORASYON NAN TÈREN KANPIN KENNETH L. WILSON KI NAN WOODSTOCK

Li Sipòte pa Inisyativ Adventure NY lan pou Konekte Nouyòkè yo ak Lanati

Amelyorasyon yo Gen Ladan yo Nouvo Santye ak Etablisman Platfòm Vizyèl sou Lavi Sovaj yo, Pilye Lapèch yo, Lansman Kannòt/Kayak Ki Ap Flote ak Etablisman ki Aksesib dapre Lwa pou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a amelyorasyon nan tèren kanpin Kenneth L. Wilson ki nan Woodstock istorik lan, New York, sou inisyativ Adventure NY Eta a pou konekte Nouyòkè yo ak lanati. Amelyorasyon yo, ki sipòte pa yon investisman 400,000 dola eta a anviwon, gen ladan etablisman ki aksesib pou andikape yo, yon santye natirèl, pilye pou lapèch yo, lansman kannòt ak kayak ki ap flote, ak nouvel estasyon konfò yo.

“New York se lakay bote natirèl san parèy ak bijou anviwònman ki inik, epi amelyorasyon nan tèren kanpin sa yo pral fè etablisman sa yo vin pi aksesib pou kapab konekte Nouyòkè yo ak vizitè yo ak gwo mond ekstèn yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Atravè eta a, nou ap investi nan pak ak resous natirèl nou yo pou kapab atire plis vizitè pou vin wè tout sa ke New York gen pou ofri epi sipòte ekonomi lokal yo.”

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwonman (Department of environmental Conservation, DEC) a, Basil Seggos, te di, “Tèren kanpin DEC yo ofri yon opòtinite inik, ki a pri abòdab pou Nouyòkè yo menm jan ak vizitè yo pou yo ka pwofite de kèk nan pi bèl resous natirèl yo ki nan eta a. Amelyorasyon yo ke yo te anonse jodi a yo pral ranfòse yon fason konsiderab pwofi sa epi ede entwodwi plis moun nan tout sa ke eta nou an gen pou ofri.”

Antan ke yon pòt prensipal rejyon lès nan Catskill Park, ki antoure pa bèl montay ki gen vizyèl panoramik, tèren kanpin Kenneth L. Wilson lan se yonn nan tèren kanpin ki pi popilè nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal eta a.

Yo te ajoute divès etablisman ki aksesib dapre ADA nan tèren kanpin lan, ki gen ladan yo:

- Santye natirèl ki gen yon platfòm vizyèl sou lavi sovaj yo;

- Pilye pou lapèch yo;
- Lansman kannòt/kayak ki ap flote; ak
- Nouvèl estasyon konfò yo.

Amelyorasyon yo pral bay yon eksperyans ekstèn ki ranfòse epi fè tèren kanpin lan vin pi aksesib pou tout vizitè yo. Nan tèren kanpin lan, vizitè yo kapab monte sou montay Overlook Mountain oswa Mount Tremper pou kapab jwenn vizyèl ki ekstrayòdinè depi tou dife istorik lan, oswa mache oswa fè pwomnad sou bisikèt sou tout rivaj Rezèvwa Ashokan lan pou pwofite de vizyèl sou wo somè Catskill yo. An plis, ti vilaj nan Woodstock ki tou pre a ap bay yon melanj opòtinite pou fè acha, manje, ak amizman ki eklektik yo. Sant Catskill Interpretive Center a pre tou epi li ap bay vizitè yo enfòmasyon sou pak Catskill Park lan ak yon batiman ki aksesib ak santye natirèl yo.

Sou nouvèl inisyativ Adventure NY Gouvènè Cuomo a, DEC ap fè investisman estratejik pou elaji aksè a rekreyasyon ekstèn ki aktif, ki bon pou sante, konekte plis Nouyòkè ak vizitè ak lanati ak mond ekstèn yo, pwoteje resous natirèl yo, epi bay bourad a ekonomi lokal yo. Inisyativ sa a pral kore achèvmant plis pase 75 pwojè sou twa ane k ap vini yo, sòti nan renovasyon kan jèn moun ak sant edikasyon sou anviwònman, rive nan nouvo lansman bato, pèsyèn, ak santye pou randone. Adventure NY ap ajoute sou efò Eta aktyèl yo epi li enkli 50 milyon dola nan finansman ki soti nan 300 milyon dola Fon Pwoteksyon Anviwòmantal ak finansman kapital NY Works lan. [Li plis enfòmasyon kosènan inisyativ Adventure NY lan.](#)

Amelyorasyon fiti nan tèren kanpin yo gen ladan yon pak pou chen ki aksesib, fonksyon ki aksesib nan zòn piknik pou izaj jounalye yo, ak zòn pavyon pou kwizin yo, ak enstalasyon de pi ak fè cheval ki aksesib.

Senatè Tom O'Mara, Direktè Komite Sena pou Konsèvasyon Anviwònman (Senate Environmental Conservation Committee), te di, “Eta New York se yon lidè nasyonal nan rekreyasyon ekstèn epi investisman sa yo ki ap kontinye yo nan tèren kanpin yo, pak ak santye yo, ansanm ak lòt resous natirèl yo pral sèlman ranfòse endistri vital sa, menm jan ak kalite anviwòmantal ak ekonomik jeneral eta a.”

Senatè George Amedore te deklare, “Nou gen anpil chans pou nou posede bèl resous natirèl ki ap ankouraje touris epi sipòte ekonomi lokal nou yo. Amelyorasyon sa yo ki te fèt pa DEC yo pral bay pi gwo aksesibilite pou abitan ak vizitè yo ki vle pran avantaj de peyizaj la ak opòtinite rekreyatif yo ki alantou nou nan Catskill Park.”

Manm Asanble Steve Englebright, ki se Prezidan Komite Asanble pou Konsèvasyon Anviwònman an (Assembly Environmental Conservation Committee) te di, “Investisman nan sistèm pak New York lan se yon izaj entelijan de resous eta yo ki ap pote anpil avantaj nan konekte moun yo ak lanati, kreye travay epi bay bourad a ekonomi lokal yo, epi bay rekreyasyon ki aksesib pou abitan ak vizitè ki soti nan lòt eta yo. Amelyorasyon yo nan tèren kanpin Kenneth L. Wilson ki nan Woodstock istorik lan pral ale lwen nan atire vizitè yo epi bay opòtinite pou gade lavi sovaj yo, aksè pou dlo, lapèch, epi pwofite de mèvèy ki nan lanati yo.”

Kad Egzekitif Konte Ulster, Mike Hein, te di, “Inisyativ Adventure NY Gouvènè Cuomo a ap bay Nouyòkè yo plis opòtinite pou kapab eksperimante epi pwofite de gwo

aktivite ekstèn yo pandan ke y'ap pwoteje resous natirèl nou yo. Tèren kanpin Kenneth L. Wilson lan se yonn nan pakèt jwayo ke nou jwenn nan Konte Ulster epi ak ajou resan etablisman ki aksesib selon ADA yo nan tèren kanpin lan ak amelyorasyon fiti ki pwopoze yo, tèren kanpin lan pral atire plis abitan ak vizitè nan zòn nan pou ke yo kapab konekte ak bote natirèl la ak pakèt aktivite rekreyatif ki disponib yo. Inisyativ Gouvènè a ak efò enpòtan DEC yo pral ranfòse eksperyans ekstèn Eta New York lan, li pral ede bay bourad a ekonomi lokal yo epi li pral amelyore kalite lavi pou tout abitan nou yo.”

Bill McKenna, ki se Sipèvizè Komin Woodstock, te deklare, “Moun Woodstock yo reyèlman renmen lanati ak tan ke yo pase deyò, epi nou apresye anpil amelyorasyon ki te fèt nan pak eta Wilson State Park menm jan ak amelyorasyon nan depa santye Overlook Mountain ki ap pèmèt genyen pi bon aksè ak plis opòtinite.”

DEC jere 18.6 milyon ekta piblik, ki gen ladan 1.2 milyon ekta nan rezèv forè Adirondack ak Catskill yo, 52 tèren kan, senk espas yo itilize lajounen, plis pase 8,047 kilomèt santye fòmèl, ak anpil milye pwen depa santye, anbakasyon bato, ak apontman pou lapèch yo.

Planifye pwochen avanti anlennè ou sou <http://www.dec.ny.gov/outdoor/>, epi konekte avèk nou sou Facebook, Twitter, Flickr oswa Instagram. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou tèren kanpin ke DEC ap jere yo, vizite sit entènèt DEC a nan <http://www.dec.ny.gov/outdoor/camping.html>.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418